# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–23 मई 2024 भोजपुरी समाचार

लोकसभा चुनाव में पचवां फेरा क चुनाव पूरा हो गइले के बाद ओम्मेदवार लोगि छठवां अउर सतवां फेरा क मतदान बदे पूरा ताकति झोंकि दिहले हवें। सज्जो राजनीतिक दलन क नेता अउर स्टार प्रचारक जनसभा, रैली अउर रोड–सो कइ के अपने–अपने ओम्मेदवारन के पक्ष में मतदान क अपीलि कइ रहल हवें। छठवां फेरा क चुनाव परचार आजु संझा थमि गइल। चुनाव प्रचार थमले से पहिले अपने–अपने ओम्मदेवारन क पक्ष में सज्जो दलन क बड़हन नेता अउर कार्यकरता लोगि जनसभा कइलें अउर सम्पर्क कइ के ओट मंगलें। भाजपा क सीनियर नेता अउर केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह आजु संतकबीरनगर जिला में भाजपा ओम्मेदवार के पक्ष में एगो जनसभा के सम्बोधित कइ के बिपक्ष पर जमि के निसाना सधलें। उहां के कहलीं कि पांचे फेरा क चुनाव में भाजपा तीनि सौ दस सीटि क आंकड़ा पार कइ चुकलि हौ। बिपक्षी गठबंधन के खाली चालीसे सीटि मिलत देखाई दे रहलि हौ। उहां के बिपक्ष पर परिवारवाद क आरोप लगवलीं। श्री शाह अजुये प्रतापगढ़ क पट्टी में आयोजित एगो चुनावी जनसभो के सम्बोधित कइलें। भाजपा क सीनियर नेता अउर मध्य प्रदेस क मुख्यमंत्री डॉक्टर मोहन यादव आजु आजमगढ़ में रोड– सो कइ के भाजपा ओम्मेदवार दिनेश लाल यादव निरहुआ के पक्ष में ओट मंगलें।

ओहर, समाजवादी पारटी क राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव प्रतापगढ़ में आयोजित एगो चुनावी जनसभा के सम्बोधित कइलें। अपने सम्बोधन में उहां के महंगाई, किसान, रोजिगार अउर नौजवानन के मुद्दा पर भाजपा सरकार के घेरलीं। उहां के भाजपा सरकार पर आरोप लगवलीं कि युवा लोगिन के नोकरी न देवे के पड़े, येह बदे सरकार पहिले पेपर लीक करा रहलि हौ ओकरे बाद परीक्षा रद्द करा रहलि हौ। उहां के कहलीं कि जनता अबकी बेरि अपने ओट से भाजपा क हिसाबि करे क मन बना चुकलि हौ।

ओहर, मिर्जापुर में एगो चुनावी जनसभा के सम्बोधित करत बसपा प्रमुख मायावती कहलिनि कि हमार पारटी केहू से गठबंधन न कइ के अपने बलबूता पर चुनाव लड़ि रहलि हौ, काहें से कि हम्मन के अपने जीति क भरोसा हौ। सुश्री मायावती कहलिनि कि भाजपा सरकार में महंगाई लगतारे बढ़लि हौ अउर बिपक्षी पारटी साम–दाम–दण्ड–भेद जइसन तमाम कोसिसन के जरिया से सत्ता में आइल चाहति बाड़िनि।

**********

लोकसभा चुनाव के पांच फेरा क मतदान पूरा हो गइले के बाद अब छठवां अउर सतवां फेरा क मतदान बदे मतदाता जागरूकता अभियान के तेज कइ दिहल गइल हौ। आखिरी दुइ फेरा क मतदान वाले संसदीय क्षेत्रन में मतदान के प्रेरित करे बदे जिला प्रसासन अउर स्वयंसेवी संगठनन की ओरि से कई गो आयोजन कइल जा रहल हौ।

**********

बुद्ध पूर्णिमा क तिउहार प्रदेस क करीब सज्जो जिलन में सरधा–भक्ति अउर हंसी–खुसी के माहौल में मनावल जा रहल हो। भगवान बुद्ध क महापरिनिर्वाण स्थली कुशीनगर में येह मौका पर बुद्ध पूर्णिमा महोत्सव क आयोजन कइल जा रहल हौ। आयोजन के बारे में जनकारी देत हमरे प्रतिनिधि बतवलें–

***आज प्रातः महापरिनिर्वाण स्थल से बुद्धम शरणम गच्छामि की गूंज के साथ धूमधाम से रथ यात्रा शुरू हुई, जो स्थानीय गांवों और नगर का परिभ्रमण कर संपन्न हुई। रथयात्रा में बौद्धभिक्षुओं तथा स्थानीय जनता के अलावा विदेशों से आए हुए बौद्ध धर्मावलम्बी भी भारी संख्या में शामिल हुए। इस अवसर पर म्यांमार बौद्ध विहार में विविध कार्यक्रम किए गए। विश्व को शांति का पाठ पढ़ाने वाले उस अनन्य शांति दूत महात्मा बुद्ध का जन्म वैशाख पूर्णिमा के दिन नेपाल के लुंबिनी में हुआ था।।विवेक पाण्डेय,आकाशवाणी समाचार, कुशीनगर***

ओहर, बुद्ध पूर्णिमा के मौका पर आजु हापुड़ क तीर्थ नगरी गढ़मुक्तेश्वर बृजघाट अउर अमरोहा क गंगाधाम तिगरी में बड़हन संख्या में सरधालु लोगि पवित्र गंगा नदी में आस्था क डुबकी लगवलें अउर पूजा–पाठ कइ के भगवान से घर में सुख–सान्ति क कामना कइलें। बनारस में बइसाख पूर्णिमा के मौका पर नमामि गंगा की ओरि से दशाश्वमेध घाट पर येह बिच्चे लोगिन के गंगा के स्वच्छ रखले क सनेसा दिहल गइल। येह मौका पर बनारस के सज्जो घाटन पर सरधालु लोगि गंगा नदी में नहा के दान करे क परम्परा निभवलें।

**********

प्रदेस क अधिकांस पच्छिमी जिलन में भीसण गरमी क परकोप जारी हौ। गरमी के नाते लोगिन क जन–जीवनों परभावित हो गइल हौ। मौसम विभाग अगिला चारि दिन बदे पच्छिमी उत्तर प्रदेस खातिर रेड अलर्ट जारी कइले हौ। ओहीं पूरबी उत्तर प्रदेस क गोरखपुर अउर आसपास के जिलन में तेज बेयारि के बिच्चे गरज–चमकि के साथे कुछु जगहिनि पर बूंदाबांदी भइल त कुछु जगहिनि पर हल्लुकाहे बरखा भइल। मौसम विभाग अगिला दुइ दिन ले अलगि–अलगि जगहिनि पर बरखा भइले क आगम जतवले हौ।

**********

गाजीपुर क नोनहरा रानीपुर में आजु पंखा में करंट उतरले से माई–बेटी क मउति भइले क खबरि हौ। दुरघटना तब भइल जब बेटी पंखा के एक जगहि से दुसरे जगहि पर ले जाति रहलि, ओही समय पंखा में करंट उतरि गइल। माई ओके बचावे गइलि अउर ऊहो करंट के चपेटा में आ गइलि। ओहर, बदायूं जिला के कोतवाली क्षेत्र में करूआ पुल के लग्गे एगो रोडवेज क बस टैम्पू के ठोकरिया दिहलस जवना से टैम्पू क डराइबर अउर एगो लइका क मउति हो गइलि। येह दुरघटना में आठ जने के घाहियो भइले क सूचना हौ।

**********